# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**"Қарақалпақ тили" сабақлығын баспадан шығарыўға қаржы ажыратыў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрьдеги "Тәлим тәрбия системасын және де жетилистириў ҳаққында"ғы ПҚ-4884-санлы қарары тийкарында ислеп шығылған Миллий оқыў бағдарламасына муўапық 2021-2022-оқыў жылына оқыў қарақалпақ тилинен басқа тиллерде алып барылатуғын мектеплердиң 2-класына келиўи күтилетуғын 24500 оқыўшыны "Қарақалпақ тили" сабақлығы менен тәмийинлеў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 8-июльдағы 01-05/10-07/264-санлы усыныс хатын инабатқа алып, Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 126-статьясы 5-бөлими ҳәм "Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында"ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 15-статьясы 19-бәнтине муўапық ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 9-июльдағы "Қарақалпақ тили сабақлығын баспадан шығарыўға қаржы ажыратыў ҳаққында"ғы 400-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**Б У Й Ы Р А М А Н:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 9-июльдағы "Қарақалпақ тили сабақлығын баспадан шығарыўға қаржы ажыратыў ҳаққында"ғы 400-санлы қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынлаўы тәмийинленсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң улыўма орта билим бериў мектеплерине "Қарақалпақ тили" сабақлығының бөлистирилиўи
1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Республикалық билимлендириў орайы (Қ.Жубанов)на:

"Қарақалпақ тили" сабақлығын авторлар менен биргеликте баспаға таярлаў, оның макетин жаратыў, жаратылған сабақлықты экспертизадан өткериў ҳәм билимлендириў системасында қоллаў бойынша жуўмақ бериў ўазыйпасы жүкленсин.

4. Халық билимлендириў министрлигиниң бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова)не:

"Қарақалпақ тили" сабақлығын электрон торгқа жайластырыў, жеңимпаз болған мәкемелер менен шәртнамалар дүзиў ҳәмде ажыратылған қаржылардың мақсетке муўапық жумасалыўын әмелге асырыў ҳәм қадағалаўға алыў ўазыйпалары жүкленсин.

5. Халық билимлендириў министрлигиниң сабақлықлар ҳәм әдебиятлар секторы (С.Юсупов)на:

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң бөлистириўи тийкарында сабақлықтың улыўма орта билим бериў мектеплерине толық жеткерилиўин тәмийинлеў ўазыйпасы жүкленсин.

6. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери басшыларына:

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң бөлистириўи тийкарында "Қарақалпақ тили" сабақлығын оқыў қарақалпақ тилинен басқа тиллерде алып барылатуғын ҳәр бир улыўма орта билим бериў мектебине жеткерилип берилиўин шөлкемлестириў ҳәм де китапхана фондына толық кирис етилиўин қадағалаў ўазыйпасы жүкленсин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «19» Июль
№ 171

Көширмеси дурыс.
Сабыпов М.

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл "19" июльдағы 171-санлы
буйрығына 1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңси Президумының 2021-жыл 9-июльдағы 400-санлы қарары тийкарында басып шығарылыўы режелестирилген 2-класс "Қарақалпақ тили" (оқыў басқа класслар ушын) сабақлығының район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплерине хәм де Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине бөлистирилиўи**

| т/р | район(қала) атлары | саны | Бир дана баҳасы | Жами баҳасы |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Нөкис қаласы | 3720 | 10212,00 | **37988640,00** |
| 2 | Әмиўдәрья районы | 3700 | 10212,00 | **37784400,00** |
| 3 | Беруний районы | 4060 | 10212,00 | **41460720,00** |
| 4 | Бозатау районы | 29 | 10212,00 | **296148,00** |
| 5 | Қараөзек районы | 89 | 10212.00 | **908868,00** |
| 6 | Қанлыкөл районы | 0 | 10212,00 | **0,00** |
| 7 | Кегейли районы | 104 | 10212,00 | **1062048,00** |
| 8 | Қоңырат районы | 1908 | 10212,00 | **19484496,00** |
| 9 | Мойнақ районы | 257 | 10212,00 | **2624484,00** |
| 10 | Нөкис районы | 140 | 10212.00 | **1429680,00** |
| 11 | Тахиаташ районы | 1092 | 10212,00 | **11151504,00** |
| 12 | Тахтакөпир районы | 256 | 10212,00 | **2614272,00** |
| 13 | Төрткүл районы | 4284 | 10212,00 | **43748208,00** |
| 14 | Хожели районы | 1307 | 10212,00 | **13347084,00** |
| 15 | Шымбай районы | 273 | 10212,00 | **2787876,00** |
| 16 | Шоманай районы | 82 | 10212,00 | **837384,00** |
| 17 | Елликқала районы | 3174 | 10212,00 | **32412888,00** |
| 18 | 5-санлы интернат | 25 | 10212,00 | **255300,00** |
| **Жами** | | **24500** | | **250194000,00** |